
## Manm MassHealth ki admisib pou Medicare dwe enskri alèkile nan Medicare.







- Manm MassHealth ki admisib pou Medicare san okenn frè anplis, tèlke benefisyè Medicare kalifye (Qualified Medicare Beneficiaries, QMB), dwe enskri nan Medicare.
- Depi nan mwa jiyè 2025, MassHealth te kòmanse voye avi nan yon anvlòp jòn bay manm ki admisib pou Medicare pou di yo pou yo enskri nan Medicare.
- Si w resevwa yon avi nan yon anvlòp jòn ki di ou dwe enskri nan Medicare, se pou w ale nan biwo Sekirite Sosyal lokal la pou w enskri nan Medicare e se pou w fè sa anvan dat ki make sou avi a, defason pou w kontinye gen benefis MassHealth ou yo.
- Anvlòp jòn la ap gen tou yon depliyan ki gen plis enfòmasyon sou Medicare ansanm ak enfòmasyon sou biwo Sekirite Sosyal la. Lè w ale nan randevou pou aplikasyon Medicare ou a, asire ou pote ak ou depliyan ki gen enfòmasyon pou biwo Sekirite Sosyal la pou biwo Sekirite Sosyal la konprann admisiblite w pou Medicare e pou yo konprann MassHealth egzije pou w enskri nan Medicare.



## Èske w gen kesyon w ap poze?

Jwenn plis enfòmasyon nan: <a href="https://www.mass.gov/info-details/masshealth-and-medicare">https://www.mass.gov/info-details/masshealth-and-medicare</a>

